



**RESEAU NATIONAL DE DÉFENSE DES DROITS HUMAINS (RNDDH)**  
**REZO NASYONAL POU DEFANN DWA MOUN**  
**NATIONAL HUMAN RIGHTS DEFENSE NETWORK**

Membre de la  
**fidh**

## COMMUNIQUE DE PRESSE

## NEWS RELEASE

**CONTACTER :** Rosy Auguste Ducéna  
**BUREAU :** (509)2813-1848 / 3755-9591  
**PORTABLE :** (509) 3782-2897

---

*Move tretman anndan CERMICOL:  
RNDDH avèti otorite yo sou malè ki pandye*

---

1. Rezo Nasyonal k ap Defann Dwa Moun (RNDDH) vrèman prewokipe devan sitiyasyon k ap devlope nan sant reedikasyon pou timoun ki gen pwoblèm ak lalwa (CERMICOL) epi pwofite pataje ak lopinyon publik konsta li te fè nan sant sila pou egzije zotobre nan leta mete fen nan move tretman prizonye yo ap sibi.

*a) Sitiyasyon jeneral nan CERMICOL*

2. CERMICOL genyen 6 selil, 2 sal klas, yon bibliyotèk ak yon lakou pou rekreyasyon. Espas la te kreye pou resewa 100 ti gason. Poutan, depi plizyè lane, kapasite akèy CERMICOL la depase akòz move fonksyonman aparèy jistis ayisyen an.

3. Nan jou ki te 22 septanm 2022 a, bandi Kanaan ak Titanyen òganize yon gwo evazyon nan prizon sivil fanm Kabarè a kote 145 fanm te rive sove. Akòz te toujou gen menas ki pandye sou prizon an, mete sou sa feblès leta pou reprann kontwòl komin Kabarè ak zòn ki anviwonnen li yo, otorite penitansye yo te deside deplase fanm ak tifi yo epi voye yo nan CERMICOL nan dat ki te 20 me 2023, malgre espas la piti. Kantite fanm yo te 92 pami yo 84 ki te soti nan prizon sivil Kabarè ak 8 lòt ki te deja nan CERMICOL la.

4. Sitiyasyon an vin pi mal apre evazyon ki te fèt nan prizon sivil Pòtoprens lan nan lannwit 2 pou rive 3 mas 2024 la kote 3.609 prizonye sove sou yon kantite 3.696 prizonye. Prizonye ki pa t sove yo, yo te mennen yo DCPJ oubyen nan CERMICOL. Depi lè sa, tout lòd depo otorite lajistis nan jiridisksyon Pòtoprens yo bay yon gason, yo mete yo nan CERMICOL tou.

5. Jounen jodia, fanm, tigason, tifi ak granmoun gason ki nan pwoblèm ak lalwa nan jiridisksyon Pòtoprens ak Kwadèboukè, yo tout loje nan CERMICOL sof granmoun gason ki

gen lòd depo ki soti nan jiridiksyon Kwadèboukè yo ki twouve yo nan Komisarya Taba. Sa ki fè CERMICOL tounen yon konplèks penitansye.

6. Nan dat ki te 29 dawout 2024 la, te gen 370 prizonnye ki te nan CERMICOL la ki klase konsa, 93 tigason pou CERMICOL, 149 fanm ak 10 tifi pou prizon fanm Kabarè epi 118 granmoun gason pou prizon Pòtoprens.

7. 118 granmoun gason yo nan 2 sal kote tigason yo te konn swiv kou. 159 fanm ak tifi yo nan 2 lòt sal ki separe ak yon ti baryè pou limite espas la epi anpeche kontak fizik nan mitan kategori prizonnye yo.

8. Gen kèk chanjman ki te oblije fèt men ki pa nan avantaj ti gason yo. Yo pa gen rekreyasyon paske se nan lakou a fanm ak tifi yo benyen epi lave rad yo. Konsa, Kò fanm ak tifi yo ekspoze anba je ni prizonnye yo ni ajan DAP yo. Pou rès ane eskolè 2023-2024 la, tigason yo pa t gen lekòl, paske klas yo te konn swiv kou yo sèvi pou mete prizonnye penitansye yo. Pou tigason ki te gen pou ale nan egzamen 9èm ane yo, responsab yo te fè yo itilize bibliyotèk la pou swiv kou yo. Anplis, zafè prepare manje pou prizonnye yo vrèman konplike paske espas la pat fèt pou resevwa tout moun sa yo.

9. Si gen kèk aranjman ki te fèt pou akeyi pèsònèl prizon sivil Kabarè a, pa gen anyen ki fèt pou ajan prizon sivil Pòtoprens lan, se sou lakou a yo aranje yo pou yo travay.

10. Nan dat premye jiyè 2024 la, minis jistis ak sekirite piblik la, Mèt Carlos Hercule te vizite CERMICOL pou gade nan kondisyon malouk prizonnye yo ap viv. Li te pran angajman pou fè tout sak posib pou Leta reprann kontwòl zòn kote prizon yo tonbe anba grif bandi ak zam, epi transfere medam yo nan prizon sivil Petyonvil la. 2 mwa apre vizit sila, anyen poko janm fèt. Enkyetid RNDDH pa sipann ogmante sitou jan kantite prizonnye yo ap ogmante nan CERMICOL la.

11. Sou kote tout pwoblèm sa yo, RNDDH vrèman prewokipe pou estati jiridik tigason ki gen pwoblèm ak lalwa yo. Depi kèk ane, tribinal pou timoun nan Pòtoprens pa fonksyone paske yo pa nonmen jij pou timoun. Sa ki lakoz tigason ak tifi ki gen dosye ki pou pase nan kabinè enstriksyon oblije ap souffri nan detansyon prevantiv pwolonje.

### ***Komantè ak Rekòmandasyon***

12. Depi plizyè mwa, CERMICOL tounen yon konplèks penitansye kote yo resevwa fanm, tifi, tigason ak granmoun gason ki gen pwoblèm ak lalwa ki sòti nan jiridiksyon Pòtoprens ak Kwadèboukè. Poutan, RNDDH ap raple CERMICOL te kreye pou gade tigason ki nan pwoblèm ak lalwa epi prepare yo pou retounen pran plas yo nan sosyete a gras ak pwogram edikasyonèl, sikolojik ak fòmasyon vokasyonèl ki dwe disponib pou yo anndan.

13. RNDDH ap souliye lè yo fòse fanm, tifi, tigason ak granmoun gason viv menm kote lè yo nan prizon se prensip elemantè ki gen pou wè ak separasyon prizonnye yo nou pase anba pye. *Konstitisyon nan peyi Dayiti, Ansanm règ minima pou tretman prizonnye Nasyonzini an, Prensip ak bon pratik pou pwoteje moun ki nan prizon nan kontinan Amerik la menm*

*jan ak règleman entèn prizon yo tabli fason pou separe prizonnye yo selon sèks yo, laj yo, degre zak yo fè ak degre pwoteksyon yo bezwen nan objektif pou anpeche yon seri pwoblèm rive epi anpeche vyolasyon dwa moun.*

14. Dapre lwa sa yo nou sot site la, lè l enposib pou nou mete chak kategori prizonnye sa yo nan batiman separe, yo dwe separe blòk fanm ak blòk mesye yo paske mete yo nan selil diferan nan yon menm batiman pa sifizan. Sou pwèn sa, RNDDH ap avèti otorite nan leta, otorite lapolis ak otorite penitansyè yo pou yo pa kite sak te pase nan lannwit 7 pou rive 8 novanm 2019 ak nan lannwit 26 pou rive 27 janvyè 2023 repete ankò ; kote prizonnye gason yo te fè kadejak sou 10 fanm nan premye dat la epi 16 fanm nan dezyèm dat la.

15. Se pou sa, lè nou gade nan ki kondisyon malouk 370 prizonnye yo ap viv, RNDDH ap mande otorite yo pou :

- Prepare prizon Petyonvil la nan yon titan tou kout ;
- Reprann kontwòl zòn kote bandi te atake prizon yo ;
- Transfere granmoun gason yo nan prizon sivil Pòtoprens;
- Remete sou pye pwogram fòmasyon akademik ak vokasyonèl pou tifi ak tigason ki nan pwoblèm ak lalwa;
- Nonmen jij pou timoun yo epi ba yo espas pou yo travay.

Pòtoprens, 9 septanm 2024